



Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: **A-832**

Sijè: **DISKRIMINASYON, ARASMAN, ENTIMIDASYON AK/OSWA VYOLANS (BULLYING) ELÈV FÈ SOU LÒT ELÈV**

Kategori: **ELÈV**

Pibliye : **23 oktòb 2019**

REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a ranplase Règleman Chanselye A-832 ki gen dat 21 out 2013. Li tabli yon pwosedi pou pote plent, fè investigasyon ak rezoud konfli diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa vyolans elèv fè sou lòt elèv.

Chanjman

- Li klarifye langaj nan regleman Depatman Edikasyon sou sa ki konsène diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa vyolans elèv fè sou lòt elèv. (Seksyon I. A-F)
- Li klarifye regleman DOE konsènan revanch ak nenpòt vanjans kont moun akòz yo rapòte oswa investige diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa vyolans elèv fè sou lòt elèv ke yo konsidere sa tankou vanjans. Y ap investige revanch epi y ap pran mizi disiplin apwopriye kont sa. (Seksyon I. B)
- Li klarifye definisyon vyolans ak arasman. (Seksyon I.E)
- Li klarifye ke diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa vyolans ka se yon sèl ensidan oswa yon seri ensidan ki lye. (Seksyon I.F)
- Devlope egzanp konpòtman ke yo ka kalifye pou diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa vyolans. (Seksyon I.F.2)
- Klarifye ke Lyezon Respè pou tout moun (Respect for All, RFA) la dwe se yon administratè, sipèvizè, pwofesè, konseye pedagogik, sikològ lekòl la oswa travayè sosyal k ap travay nan lekòl la atan plen. (Seksyon II. B)
- Mete fòm/rapò ajou pou fè rapò ekri sou elèv yo di ki viktim diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa vyolans epi ranplase Dokiman Sipleman 2 ki gen hyperlink/url. (Seksyon II.C)
- Eksplike ke direktè/repzantan dwe asire kopi enprime fòm Plent/Rapò yo pare epi disponib. (Seksyon II.C)
- Elèv, paran, ak lòt endividi ki pa estaf ka rapòte akizasyon diskriminasyon elèv kont elèv, arasman, entimidasyon, ak/oswa vyolans oswa vyolans vèbal elèv kont elèv, oswa alekri, nan soumèt Fòm Rapò/Plent bay direktè/repzantan oswa lyezon RFA, oswa nenpòt lòt manm estaf lekòl la, oswa atravè entènèt. (Seksyon II.D)

- Klarifye ke elèv ki kwè lòt elèv fè diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa vyolans kont yo oswa ki se temwen oswa ki gen enfòmasyon sou ensidan sa yo ta dwe rapòte ensidan an imedyatman. (Seksyon II.E)
- Klarifye ke elèv, paran, ak moun ki pa estaf ka fè yon rapò san yo pa bay non yo epi y ap envestige elèv ki di yo viktim diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa vyolans epi rapò sa yo y ap envestige ak konsidere yo dapre pwosedi etabli nan regleman sa yo nan mezi posib selon enfòmasyon rapòte pa moun ki pa bay bay non yo. (Seksyon II.G)
- Eksplike lyezon RFA a dwe avize imedyatman direktè/reprezantan sou nenpòt rapò diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa vyolans elèv fè sou lòt elèv ke yo resevwa. (Seksyon II. H)
- Eksplike direktè/reprezantan dwe asire ke yo kenbe tout rapò alekri sou elèv ki di yo viktim diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa vyolans nan yon kazye investigasyon nan lekòl la. (Seksyon II.I)
- Yo dwe rantrè tout rapò diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa vyolans elèv fè sou lòt elèv nan Sistèm rapò evènman sou entènèt (Online Occurrence Reporting System, "OORS") nan yon jou lekòl apre yo fin resevwa rapò a. (Seksyon II.J)
- Direktè/reprezantan dwe avize paran elèv ki di yo viktim ak paran elèv yo akize yo imedyatman men pa pi ta pase 2 jou apre yo fin jwenn resi rapò diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa vyolans elèv ki di yo viktim swa elèv fè sou lòt elèv. (Seksyon II.K)
- Li klarifye si yo pa ka fè investigasyon sou yon rapò diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa vyolans elèv ki di yo viktim swa elèv fè sou lòt elèv nan nivo lekòl la akòz kalite ak gravite akizasyon an (yo), direktè a/reprezantan l dwe chita pale avèk biwo Sekirite ak Devlopman Lajènès (Office of Safety and Youth Development, "OSYD"). (Seksyon II.M)
- Li klarifye direktè/reprezantan l dwe envestige rapò sou diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa vyolans elèv fè sou yon lòt elèv nan espas senk (5) jou lekòl apre yo fin resevwa rapò a. (Seksyon III.A)
- Li di yo dwe fè entevyou ak tout enterese ak tout temwen apa lè direktè/reprezantan l fè yon investigasyon, yo dwe kenbe tout mesaj sou investigasyon an epi yo dwe mete nan dosye tout dat yo fè chak entevyou. (Seksyon III.A)
- Direktè/reprezantan dwe jwenn nenpòt bon evidans, tankou siveyans videyo ak anrejistreman odyo, kòm pati investigasyon an epi yo ta dwe gade gid DOE sou fason pou yo jere kontni entènèt ki pa apwopriye epi chita pale avèk Direktè Sekirite Borough a ak Senior Field Counsel la, si posib. (Seksyon III.A.6)
- Li klarifye nan fen investigasyon an, direktè/reprezantan l dwe revize tout evidans yo epi detèmine si akizasyon yo jistifye dapre majorite evidans yo. (Seksyon III.B)
- Direktè/reprezantan dwe detèmine si konduit la vyole regleman ak bay lòt faktè pou konsidere nan pran detèminasyon sa a. (Seksyon III.C)
- bay nan konklizyon investigasyon an, direktè/reprezantan l dwe mete enfòmasyon sa yo nan Online Occurrence Reporting System (OORS): rezilta investigasyon an; epi yon desizyon si akizasyon yo jistifye ak si konpòtman sa a se yon vyolasyon regleman sa a. Yo dwe mete enfòmasyon sa yo nan Online Occurrence Reporting System (OORS) nan espas dis (10) jou lekòl apre yo fin resevwa rapò sou diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa vyolans yon elèv fè sou lòt elèv, absans sikonstans ki mwen grav. (Seksyon III. D)

- Direktè/reprezantan l dwe fè paran elèv yo di ki viktim lan ak paran elèv yo akize a konnen alekri si gen nenpòt akizasyon ki fonde ak si konpòtman an se yon vyolasyon regleman sa a. Si nenpòt nan akizasyon sa yo fonde, anons sa a dwe fè paran yo konnen tou pou yo kontakte lekòl la pou diskite ensidan an ak tout swivi ki fèt ak disponiblite ki genyen pou fè entèkansyon ak sipò pou pitit yo, lè sa apwopriye. Nan avi sa a, yo dwe fè paran yo konnen nan espas dis(10) jou lekòl apre yo fin resevwa rapò a, si pa gen sikonstans ki mwen grav. Si yo pran yon desizyon pou pa avèti paran elèv yo di ki viktim lan jan yo di nan regleman, yo p ap fè paran yo konnen enfòmasyon sa a. (Seksyon III.E)
- Fè konnen pou notifiye paran yo sou rezilta investigasyon dapre lalwa eta ak lwa federal ki pwoteje konfidansyalite sou enfòmasyon ki nan dosye elèv. (Seksyon III.F)
- Fè konnen ke nenpòt lè avan oswa pandan dewoulman investigasyon an, direktè/reprezantan l deside entèkansyon ak sipò apwopriye avan rezilta final yon investigasyon pou asire sekirite oswa byennèt yon elèv (tankou viktim lan, elèv yo akize a ak nenpòt temwen), yo dwe avèti paran epi yo ta dwe aplike entèkansyon ak sipò epi sipèvize yo ak modifiye yo, lè sa nesèsè. (Seksyon III.G)
- Fè konnen lè investigasyon an fini, yo dwe bay entèkansyon ak sipò pou viktim la, elèv yo akize a ak temwen yo, jan sa apwopriye, epi entèkansyon ak sipò yo dwe evalye sou yon baz ka pa ka epi yo dwe sipèvize ak modifiye yo, jan sa apwopriye. (Seksyon IV.B)
- Bay lòt egzanp entèkansyon ak sipò. (Seksyon IV.B)
- Fè konnen pou yo devlope ak aplike yon plan sipò endividyèl pou yon elèv ki se viktim 2 vyolasyon oswa plis vyolasyon regleman sa a nan menm ane lekòl la ak/oswa pou yon elèv yo jwenn ki te vyole regleman sa a de fwa oswa plis deja nan menm ane lekòl la. (Seksyon IV.B)
- Li klarifiye ke ni medyasyon ni rezolisyon konfli pa yon entèkansyon ki apwopriye nan okenn sikonstans pou vyolasyon oswa entimidasyon ak rekòmande Atant sou Konpòtman Nan Tout Vil lan pou Sipòte Aprantisaj Elèv yo jan "kòd disiplin" lan ak CR A-101 ak A-449 pou plis enfòmasyon sou entèkansyon ak sipò ak regleman ak pwosedi pou jwenn yon transfè. (Seksyon IV.B)
- Li klarifiye ke elèv yo jwenn ki vyole regleman sa a ap resevwa sanksyon dapre kòd disiplin lan ak pwosedi ak kritè ki nan Regleman Chanselye (Chancellor's Regulations) CR A-443 (Seksyon IV C).
- Fè konnen ke Direktè/reprezantan l dwe mete tout entèkansyon ak sipò yo ofri tout pati konsène ak temwen yo ak tout sanksyon ki pran kont elèv yo jwenn ki te gen konpòtman ki entèdi a nan sistèm sou entènèt ki pou biwo sispansyon ak odisyon (Suspensions and Office of Hearings Online, SOHO) atravè OORS. (Seksyon IV.D)
- Yo ajoute mo "Prevansyon" nan antèt Bilten nouvèl seksyon an. (Seksyon V)
- Fè konnen ke chak lekòl dwe distribye oswa mete materyèl ekri disponib sou fòm elektwonik ke OSYD prepare epi montre pwosedi ak regleman ki nan lwa sa a, tankou pwosedi pou suiv pou fè yon rapò ba tout estaf lekòl, paran ak elèv. (Seksyon V.B)
- Fè konnen ke chak direktè/reprezantan l dwe asire yo non ak enfòmasyon pou lyezon RFA a nan sitwèb lekòl la epi pataje yo avèk elèv ak paran omwen yon fwa nan ane a, tankou atravè kominikasyon elektwonik oswa bay elèv la enfòmasyon sa yo pou li pote lakay. (Seksyon V.C)
- Klarifiye ke yo dwe mete yon kopi règleman sa a disponib pou paran, estaf lekòl ak elèv, lè yo mande sa a. (Seksyon V.G)
- Klarifiye ke yo dwe mete non lyezon RFA yo ajou jan sa apwopriye nan Plan Lekòl Global ak Devlopman Jènn. (Seksyon VI.A)

- Fè konnen chap direktè dwe konfime nan Plan Lekòl Global ak Devlopman Jènn la ke kalandriye, lis prezans ki siyen yo ak yon kopi tout materyèl trening pou dokimante trening estaf la chak ane nan regleman nan dosye lekòl la. (Section VI.E)
- Klarifye yo ka divilge enfòmasyon ki nan rapò a nan sikonstans ki apwopriye oswa jan lalwa mande sa oswa lè sa nesesè pou pwoteje yon elèv ki sekirite l oswa byennèt li ki menase. (Seksyon VII)
- Mete ajou Dokiman Sipleman 1, Rezime Diskriminasyon yo entèdi ak arasman ki fonde sou prejije, entimidasyon ak/oswa vyolans.
- Ranplase Dokiman Sipleman 3, Afich RFA, avèk yon hyperlink/url
- Ranplase Dokiman Sipleman 4, Afich RFA, avèk yon hyperlink/url
- Yo mete non biwo yo ajou.



Regulation, CR)

Règleman Chanselye (Chancellor

Nimewo: **A-832**

Sijè: **DISKRIMINASYON, ARASMAN, ENTIMIDASYON AK/OSWA VYOLASYON ELÈV FÈ SOU LÒT
ELÈV**

Kategori: **ELÈV**

Pibliye : **23 oktòb 2019**

REZIME

Se règleman Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (*New York City Department, DOE*) pou l kenbe yon anviwònman aprantisaj ak edikasyon ki gen sekirite ak ki ankourajan, kote elèv pa fè arasman, entimidasyon ak/oswa vyolans kont lòt elèv sou baz ras, koulè, nasyonalite orijin, kwayans, etnisite, kondisyon imigrasyon, relijyon, sèks, idantite sèks, fason moun ekspri sèks, preferans seksyèl, andikap oswa gwosè. Diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa vyolans sa yo se kondyuit yo p ap aksepte ni tolere nan lekòl, pandan elèv nan lokal lekòl la, nan pwogram lekòl la patwone, oswa pandan yo nan otomobil DOE finanse ak nan lòt lokal ki pa lokal lekòl la lè moun kapab demontre konpòtman sa yo deranje oswa parèt yo ka deranje pwosesis edikasyon an, oswa yo kapab mete sante, sekirite, moralite oswa byennèt kominote lekòl la an danje. Règleman sa a aplikab pou pwosedi pou rapò, investigasyon, avi ak swivi pou diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa vyolans yon elèv fè kont lòt elèv. Elèv ki gen konpòtman ki vyole règleman sa a ap resevwa entèvansyon, sipò ak sanksyon, kòm sadwa dapre Atant sou konpòtman Vil la pou sipòte aprantisaj elèv (*Citywide Behavioral Expectations to Support Student Learning (Kòd disiplin)*) ak CR A-443. Viktim ak temwen ap resevwa entèvansyon ak sipò kòm sadwa. Pou plent pou arasman seksyèl ant kamarad, tanpri gade Règleman Chanselye A-831.

I. REGLEMAN

- A. Se règleman DOE pou l kenbe yon anviwònman aprantisaj an sekirite ak edikatif ki favorab kote ki pa gen diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa elèv fè sou lòt elèv. Yo entèdi diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa vyolans sa yo nan lekòl, lè lekòl ap fonksyone, avan oswa apre lekòl, nan bilding lekòl, nan pwogram lekòl patwone, oswa lè elèv nan otomobil ke DOE finanse. Yo entèdi tou konpòtman sa yo andeyò lakou lekòl la lè sa a deranje oswa lè yo prevwa li ta ka

deranje pwosesis edikasyon an oswa mete sante, sekirite, moralite oswa byennèt kominote lekòl la an danje.

- B. Se regleman DOE pou entèdi vanjans kont nenpòt elèv, paran, oswa amplwaye DOE ki dapre konsyans li rapòte oswa patisipe nan yon investigasyon sou akizasyon diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa vyolans elèv sou lòt elèv. Yo konsidere tout aksyon negatif kont moun akòz patisipasyon yo nan yon aktivite pwoteje konsa kòm vanjans. Y ap investigate vanjans epi yo ka pran sanksyon apwopriye si yo jwenn se verite. Tèm "paran" an, kèlkeswa lè yo itilize l nan règleman sa a vle di paran elèv la oswa responsab li, oswa tout moun ki jwe wòl paran oswa k ap pran swen elèv oswa elèv la li menm, si li se yon minè emansipe oswa si li gen laj 18 lane.
- C. Se yon vyolasyon regleman pou nenpòt elèv fè arasman, entimidasyon oswa vyolans sou yon lòt elèv.
- D. Se yon vyolasyon regleman an pou nenpòt elèv fè diskriminasyon kont yon lòt elèv sou baz ras, koulè, kwayans, etnisite, nasyonalite orijin, kondisyon sitwayènne/ imigrasyon, relijyon, sèks, idantite sèks, fason moun eksprime sèks, preferans seksyèl, andikap oswa gwosè. Yo jwenn nan Dokiman Sipleman tè No.1 Rezime Diskriminasyon yo entèdi ak arasman ki fonde sou prejije, entimidasyon ak/oswa vyolans.
- E. Arasman ak vyolans se kreyasyon yon anviwonman lekòl ki pa favorab pou yon lòt elèv selon konduit li oswa menas, entimidasyon, oswa abi, tankou agresyon sou entènèt, ki ka:
 - 1. Genyen oswa ta kapab genyen move konsekans epi ta ka deranje seryezman fason yon elèv pèfòme, opòtinite oswa kapasite l sou plan edikasyon pou l patisipe nan oswa benefisye yon pwogram edikasyon, nan aktivite lekòl la patwone oswa nan nenpòt lòt aspè edikasyon yon elèv; oswa
 - 2. genyen oswa ta kapab genyen efè ki pa rezonab ak ki ka deranje yon fason konsiderab byennèt mantal, emosyonèl, oswa fizik yon elèv; oswa
 - 3. se koz rezonab oswa ta ka lakòz yon elèv pè pou sekirite fizik li; oswa
 - 4. 5. Lakòz seryezman oswa ta ka sipoze lakòz domaj fizik oswa twoub emosyonèl pou yon elèv.

Pami konpòtman yo genyen diskriminasyon men yo pa limite sou arasman, entimidasyon, ak/oswa vyolans sou baz ras, koulè, kwayans, etnisite, nasyonalite orijin, kondisyon sitwayènte/imigrasyon, relijyon, sèks, idantite sèks, fason moun eksprime sèks, preferans seksyèl, andikap oswa gwosè.

- F. . Diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa vyolans kapab pran divès fòm epi yo ka fizik, vèbal, pa vèbal oswa alekri. Li ka yon sèl ensidan oswa yon seri ensidan ki lye.
1. Konduit alekri tankou kominikasyon elektwonik ki transmèt atravè medya tankou, men pa limite ak: Entènèt, telefòn selilè, imèl, PDA, medya sosyal, blòg, fowòm diskisyon, ak sistèm jwèt.
 2. Aksyon diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa vyolans ka genyen men ki pa limite ak:
 - Vyolans fizik;
 - suiv moun;
 - Menas, mokri, takinri
 - Jès agresif oswa mensan;
 - Pa aksepte l nan gwoup elèv parèy li ki la pou imilye l oswa izole l;
 - ltilize langaj sal;
 - fè plezantri endesan, bay moun non, oswa jouman tankou deklarasyon ki baze sou ras aktyèl yon elèv, koulè, kwayans, etnisite, peyi orijin, sitiyaasyon imigrasyon/sitwayènte, gwosè, relijyon, laj, sèks, fason moun lan idantifye tèt li kòm fi oswa gason, fason moun lan prezante tèt li kòm fi oswa gason, oryantasyon seksyèl, andikap oswa pwa;
 - Materyèl ekri oswa grafik, tankou grafiti, foto, desen, oswa videyo ki gen kòmantè oswa estereyotip ki ensiltan pou lòt ke yo distribye nan fason elektwonik oswa ki ekri oswa enprime;
 - konpòtman vèbal oswa fizik ki menase yon lòt avèk zam;
 - inisyasyon brital; ak
 - fè eksprè itilize yon non, mal pwononse yon non oswa itilize yon pwonon nan fason pou fè diskriminasyon, arasman, vyolans oswa entimidasyon ki baze sou ras aktyèl yon elèv, koulè, kwayans, etnisite, peyi orijin, sitiyaasyon imigrasyon/sitwayènte, gwosè, relijyon, laj, sèks, fason moun lan idantifye tèt li kòm fi oswa gason, fason moun lan prezante tèt li kòm fi oswa gason, oryantasyon seksyèl, andikap oswa pwa;

II. PWOSEDI POU FÈ RAPÒ

- A. “Fè rapò” jan yo itilize l nan regleman sa a vle di yon rapò sou diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa vyolans yon elèv fè sou lòt elèv ke moun yo di ki viktim lan oswa lòt moun (paegzanp estaf, paran oswa lòt elèv) fè.
- B. Chak direktè dwe nome omwen yon (1) manm estaf pou jwe wòl lyezon pou Respè pou Tout Moun yo ka fè rapò epi ki jwe wòl yon resous pou elèv yo ak estaf la. Lyezon (RFA) an dwe se yon administratè, sipèvizè, pwofesè, konseye pedagogik, sikològ lekòl oswa travayè sosyal ki gen lisans k ap travay nan lekòl la atan plen.
1. Pou tout tan, dwe genyen omwen yon lyezon RFA nan lekòl la pou ka resevwa trening yo mete nan seksyon V.E-F. Si yon lyezon RFA demisyone, direktè a dwe asire l ke yo mete yon lyezon RFA nan plas la epi pou l pran trening nan 30 jou. Annatandan, direktè lekòl la dwe chwazi yon lyezon RFA pa enterim imedyatman.
 2. Nan ka kote yon lyezon RFA sètifye pa kapab fè djòb li nan lekòl la tanporèman pou yon tan pwolonje, epi pa gen lòt lyezon, direktè lekòl la dwe chwazi yon lòt moun pou sèvi kòm lyezon pa enterim jiskaske lyezon RFA a retounen.
- C. Nenpòt manm estaf ki temwen diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa vyolans elèv fè sou lòt elèv oswa ki gen konesans oswa enfòmasyon oswa resevwa avi ke yon lòt elèv ka viktim yon konpòtman parèy oblije tousuit rapòte aloral aksyon sa a yo sispèk la bay lyezon RFA a oswa direktè/reprezantan nan (1) jou lekòl epi soumèt Fòm Plent Rapò (ki disponib nan https://cdn-blob-prd.azureedge.net/prd-pws/docs/default-source/default-document-library/a-832-reporting-form.pdf?sfvrsn=43ca4491_6) ki dekri ensidan pou lyezon RFA an oswa direktè/reprezantan pa pi ta pase (2) jou lekòl apre yo fin fè rapò aloral la. Direktè/Reprezantan an dwe asire ke kopi enprime Fòm Plent Rapò yo (disponib nan https://cdn-blob-prd.azureedge.net/prd-pws/docs/default-source/default-document-library/a-832-reporting-form.pdf?sfvrsn=43ca4491_6) yo pare ak disponib.
- D. Elèv, paran, ak lòt endividi ki pa estaf ka rapòte akizasyon diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa vyolans elèv fè sou lòt elèv aloral oswa alekri, tankou nan soumèt Fòm Plent Rapò yo (disponib nan https://cdn-blob-prd.azureedge.net/prd-pws/docs/default-source/default-document-library/a-832-reporting-form.pdf?sfvrsn=43ca4491_6) pou direktè/Reprezantan, lyezon RFA, oswa nenpòt lòt manm estaf la, oswa atravè online portal (disponib nan <https://www.nycenet.edu/bullyingreporting>).

- E. Elèv ki kwè yo se viktim diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa vyolans ke lòt elèv fè yo oswa ki se temwen oswa ki gen enfòmasyon sou ensidan sa yo ta dwe rapòte ensidan sa yo imedyatman.
- F. Si yon elèv oswa paran gen enkyetid konsènan fè yon rapò pou lekòl la, elèv/paran ka kontakte Biwo Sekirite ak Devlopman Jèn (Office of Safety and Youth Development, “OSYD”) nan voye rapò a pa imèl nan RespectforAll@schools.nyc.gov. Men egzanp sikonstans kote sa ka apwopriye : Si elèv/paran la pa fin kwè règleman an kouvri konpòtman sa a; si yon elèv/paran te fè yon rapò deja epi konpòtman toujou ap kontinye; oswa si elèv/paran la pè prezante tèt li. Nan sikonstans sa yo, OSYD ap deside ki mezi apwopriye y ap pran apre dapre règleman sa a.
- G. Elèv, paran, ak moun ki pa estaf ka fè yon rapò san yo pa bay non yo epi y ap envestige rapò sa yo epi y ap envestige ak konsidere rapò sa yo dapre enfòmasyon rapòtè ki pa bay non l sa bay yo.
- H. Lyezon RFA a dwe avèti imedyatman direktè/repzantan sou nenpòt rapò yo resevwa.
- I. Direktè/repzantan l dwe asire l yo kenbe nan dosye investigasyon nan lekòl la tout rapò ekri (paegzanp imèl, rapò ki fèt sou fòm ki itilize plent/fè rapò (disponib nan https://cdn-blob-prd.azureedge.net/prd-pws/docs/default-source/default-document-library/a-832-reporting-form.pdf?sfvrsn=43ca4491_6).
- J. Direktè/repzantan l dwe mete tout rapò yo nan Online Occurrence Reporting System (OORS) Depatman Edikasyon an nan espas yon (1) jou lekòl apre yo fin resevwa rapò a epi envestige imedyatman jan yo di l nan seksyon III.
- K. Direktè direktè/repzante l dwe mete okouran paran elèv yo di ki viktim lan ak elèv yo akize a nenpòt lè li resevwa yon rapò. Yo dwe bay avètisman sa yo imedyatman men pa pi ta pase de (2) jou lekòl apre direktè/repzantan l fin resevwa rapò a. Si elèv yo di ki viktim lan enfòmè direktè/repzantan l sou pwoblèm sekirite poutèt plent sa a, direktè/repzantan l ap deside si l gen pou enfòmè paran viktim lan apre yo fin konsidere pwoblèm vi prive ak pwoblèm sekirite. Direktè/repzantan l ka pale avèk avoka anchè sou teren an (Senior Field Counsel) lè l ap pran decizyon sa a.
- L. Lè direktè a/repzantan l kwè akizasyon an se yon krim, li dwe kontakte lapolis. Direktè/repzantan an ka kontakte Senior Field Counsel ak/oswa Direktè sèvis elèv biwo Borough/vil la.
- M. Si yo pa ka mennen investigasyon sou plent lan nan nivo lekòl la akòz nati ak gravite akizasyon an (yo), direktè /repzantan ta sipoze pale avèk OSYD.

III. ENVESTIGASYON

- A. Yo dwe envestige tout rapò. Yo dwe fè entèvyou ak tout konsène yo ak temwen yo apa. Yo dwe kenbe tout mesaj sou envestigasyon, epi yo mete nan dosye dat chak entèvyou. Direktè/reprezantan l dwe pran etap envestigasyon ki tabli pi ba a pi vit posib men pa pi ta pase senk (5) jou apre yo fin resevwa rapò a.
1. fè entèvyou avèk moun yo di ki viktim lan;
 2. mande moun yo di ki viktim lan pou prepare yon deklarasyon alekri k ap genyen otan detay posib, tankou yon deskripsyon konpòtman an, ki lè ak ki kote sa te pase, epi kiyès ki te ka temwen;
 3. Fè entèvyou avèk elèv yo akize a epi fè li konnen si li te gen konpòtman an vre, fòk sa sispann imedyatman;
 4. mande elèv yo akize a pou ekri yon deklarasyon ;
 5. Fè entèvyou avèk tout temwen, epi mande yo fè deklarasyon alekri; ak
 6. jwenn tout evidans ki enpòtan (paegzanp siveyans videyo oswa anrejistremant son). Direktè/reprezantan l ta dwe gade gid DOE a sou kòman pou jere materyèl sou entènèt ki pa apwopriye epi li ta dwe kontakte Direktè sekirite Borough a ak Senior Field Counsel, si sa nesèsè.
- B. Nan fen envestigasyon an, direktè/reprezantan l dwe revize tout evidans yo epi decide si akizasyon yo fonde dapre kantite evidans yo (sa vle di dapre yon evalyasyon tout evidans tankou kalite evidans yo ak kredibilite konsène yo ak temwen si gen plis chans pou sa yo rapòte a se verite).
- C. Si akizasyon yo fonde, direktè/reprezantan l dwe decide tou si konpòtman an vyole regleman sa a. Lè y ap pran desizyon, direktè/reprezantan l dwe evalye totalite sikonstans ki antoure konpòtman an. Direktè/reprezantan l ta dwe konsidere kantite faktè ki ta ka bagay sa yo ak lòt ankò
- laj chak moun ki enplike yo ;
 - tip, gravite ak kategori konpòtman an ;
 - kantite fwa ak kantite tan konpòtman an dire ;
 - kantite moun ki te enplike nan aksyon an;
 - sikonstans ki fè sa te rive;
 - kibò sa te pase ;
 - si te gen lòt ensidan nan lekòl la deja avèk menm elèv yo ;
 - si konpòtman an gen efè negatif sou edikasyon viktim lan tankou prezans, pèfòmans akademik oswa patisipasyon nan aktivite anplis ki pa fè pati kourikoulòm lan;

- si konpòtman an afekte konpòtman viktim lan nan entèaksyon sosyal li nan lekòl;
 - si gen enkyetid ki ekspriye sou sekirite viktim lan; ak
 - si byennèt mantal, emosyonèl oswa fizik viktim lan afekte.
- D. Nan fen investigasyon an, direktè/reprezantan dwe mete enfòmasyon sa yo nan OORS: Rezilta investigasyon; yon desizyon pou di si yo rive pwouve akizasyon yo; epi si yo detèmine si konduit sa a vyole règleman sa a. Yo dwe antre enfòmasyon sa a nan OORS nan espas (10) jou lekòl apre yo fin resevwa rapò a, si pa gen sikonstans ki mwen grav.
- E. Direktè/reprezantan l dwe fè paran elèv yo di ki viktim lan ak paran elèv yo akize a konnen alekri si gen nenpòt akizasyon ki fonde ak si konpòtman an se yon vyolasyon règleman sa a. Si nenpòt nan akizasyon sa yo fonde, anons sa a dwe fè paran yo konnen tou pou yo kontakte lekòl la pou diskite ensidan an ak tout swivi ki fèt ak disponiblite ki genyen pou fè entèvansyon ak sipòt pou pitit yo, lè sa apwopriye. Yo dwe fè paran yo konnen nan espas (10) jou lekòl apre yo fin resevwa rapò a, si pa gen sikonstans ki mwen grav. Si yo pran yon desizyon pou pa avèti paran elèv yo di ki viktim lan jan yo dekri l nan seksyon II.K, yo p ap fè paran yo konnen enfòmasyon yo jan yo di l nan paragraf sa a.
- F. Yo dwe fè konnen enfòmasyon nan Seksyon III.E dapre lalwa eta ak federal ki pwoteje konfidansyalite sou enfòmasyon ki nan dosye elèv. Kidonk yo ka avèti paran elèv yo di ki viktim lan sèlman sou swivi, entèvansyon oswa sipò ki konsène elèv yo di ki viktim lan epi yo ka enfòme paran elèv yo akize a sèlman sou swivi, entèvansyon oswa sipò ki onsène elèv yo akize a.
- G. Si nenpòt lè avan oswa pandan dewoulman investigasyon an, direktè/reprezantan l decide entèvansyon ak sipò apwopriye avan rezilta final yon investigasyon pou asire sekirite oswa byennèt yon elèv (tankou viktim lan, elèv yo akize a ak nenpòt temwen), yo dwe avèti paran elèv la epi yo ta dwe aplike entèvansyon ak sipò epi sipèvizye yo ak modifye yo, lè sa nesèsè, jan yo di sa nan seksyon IV.B.

IV. ETAP POU SUIVI

- A. Direktè a/reprezantan l dwe pran mezi imedya ak apwopriye pou fè suivi pou asire move konpòtman an sispann.
- B. Depi investigasyon an fini epi yo pran yon desizyon, jan yo di l nan seksyon III, yo dwe fè entèvansyon ak bay sipò pou viktim lan ak elèv yo akize a ak temwen yo, lè sa nesèsè. Yo dwe evalye entèvansyon ak sipò yo ka dapre ka epi yo dwe sipèvizye ak modifye yo, jan sa apwopriye. Entèvansyon ak sipò yo se bagay sa yo ak lòt ankò:
- Rekòmandasyon ba asistan sosyal, konseye, sikològ oswa lòt estaf apwopriye lekòl la oswa rekòmandasyon ba ajans òganizasyon kominotè pou oryantasyon

(counseling), sipò ak/oswa sèvis edikasyon oswa sèvis sante mantal;

- Sipò ak ajisteman akademik (paegzanp chanjman nan kou, manje midi/poz oswa orè pwogram aprelekòl);
- Devlopman plan sipò endividyèl (yo dwe devlope plan sipò endividyèl pou yon elèv ki se viktim nan (2) oswa plis vyolasyon ki fonde regleman sa a nan menm ane lekòl la ak/oswa pou yon elèv yo jwenn ki te vyole regleman sa a de (2) oswa plis fwa nan menm ane lekòl la)

Ou ka jwenn plis detay osijè sipò ak entèkansyon yo nan Kòd Disiplin lan. Ni medyasyon ni rezolisyon konfli nan okenn sikonstans yo pa entèkansyon ki apwopriye pou vyolans oswa entimidasyon. (gade tou CR A-101 ak A-449 ki fikse regleman ak pwosedi pou jwenn yon transfè si yo transfè nesèsè.

- C. Elèv yo jwenn ki vyole regleman sa a ka resevwa sanksyon ki apwopriye dapre kòd disiplin lan ak pwosedi ak kritè ki nan CR A-443.
- D. Direktè/reprezantan l dwe mete tout entèkansyon ak sipò yo ofri tout konsène ak temwen yo ak tout sanksyon ki pran kont elèv yo jwenn ki te gen konpòtman ki entèdi a nan sistèm sou entènèt ki pou biwo sispansyon ak odisyon (Suspensions and Office of Hearings Online, SOHO) atravè OORS.

V. **PREVANSYON, ANONS ak TRENING**

- A. Chak lekòl dwe poste vizibleman afich “Respè pou Tout Moun” (disponib nan <https://www.schools.nyc.gov/school-life/policies-for-all/respect-for-all/respect-for-all-handouts>) nan zòn byen vizib pou elèv, paran ak estaf. Afich yo dwe gen non lyezon RFA an.
- B. Chak lekòl dwe distribye chak ane oswa mete disponib elektwonikman materyèl alekri ke OSYD prepare pou souliye regleman ak pwosedi yo etabli nan lwa sa a, tankou pwosedi pou fè yon rapò, (disponib nan <https://www.schools.nyc.gov/school-life/policies-for-all/respect-for-all/respect-for-all-handouts>) pou tout estaf lekòl la, paran ak elèv yo. Paran/elèv k ap antre lekòl la pandan ane lekòl la dwe resevwa enfòmasyon sa yo nan moman y ap antre.
- C. Chak direktè/reprezantan l dwe asire yo non ak enfòmasyon pou lyezon RFA a nan sitwèb lekòl la epi pataje yo avèk elèv ak paran omwen yon fwa nan ane a, tankou atravè kominikasyon elektwonik oswa bay elèv la enfòmasyon sa yo pou li pote lakay.
- D. Chak direktè/delege l dwe asire yo bay elèv enfòmasyon ak trening sou regleman ak pwosedi ki nan regleman sa a nan dat 31 oktòb chak Lekòl la ane pou pi ta.

- E. Chak direktè dwe asire yo bay tout estaf, ki gen ladan estaf ki p ap anseye, enfòmasyon ak trening sou regleman ak pwosedi ki nan regleman sa a nan dat 31 oktòb chak Lekòl la ane pou pi ta. Nan trening sa yo, yo dwe pale sou:
1. fè sansibilizasyon ak motivasyon sou posiblite zak diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa vyolans kont lòt elèv, tankou, men pa limite ak zak ki baze sou nasyonalite orijin, kwayans, etnisite, kondisyon imigrasyon, relijyon, sèks, idantite sèks, fason moun ekspri sèks, preferans seksyèl, andikap oswa gwosè;
 2. Idantifikasyon ak rediksyon diskriminasyon, arasman, entimidasyon, ak vyolans;
 3. Abitid sosyal diskriminasyon, arasman, entimidasyon, ak vyolans;
 4. Fason pou fè prevansyon ak bay repons nan ensidan sou diskriminasyon, arasman, entimidasyon, ak vyolans;
 5. Konpreyasyon efè diskriminasyon, arasman, entimidasyon, ak vyolans ak estrateji pou rezoud pwoblèm eksklizyon, patipri, ak anviwònman ki gen agresyon nan edikasyon ak efikasite; epi
 6. Ankouraje yon klima lekòl ki sennesof ak favorab, tankou entegre konsèp sa yo nan aktivite salklas yo.
- F. Chak direktè dwe asire anplis trening lekòl ki nan seksyon V.E, omwen youn (1) lyezon RFA ke yo dwe gen trening obligatwa OSYD fè ki gen bagay sa yo: 1) relasyon moun ak moun ak moun nan domèn ras, koulè, kwayans, etnisite, orijin nasyonal, kondisyon imigrasyon/sitwayente, relijyon, sèks, idantite sèks, fason moun ekspri sèks, preferans seksyèl, andikap ak gwosè ak 2) pwoblèm ki nan seksyon V.E.
- G. Yo dwe mete yon kopi règleman sa a disponib pou paran, estaf lekòl ak elèv, lè yo mande sa.

VI. PLAN GLOBAL LEKÒL AK FÒMASYON JÈN MOUN

Chak direktè dwe bay enfòmasyon sa yo nan Plan global lekòl ak fòmasyon jèn moun (*Consolidated School and Youth Development Plan*) nan dat 31 oktòb pou pi ta chak ane:

- A. Non lyezon RFA a(yo). Yo dwe mete enfòmasyon sa yo ajou lè sa nesèsè.
- B. Sètifika ki omewen youn (1) lyezon RFA gen oswa pral genyen trening ki tabli nan seksyon V.F la.
- C. Sètifika ki montre yo bay elèv enfòmasyon ak trening sou regleman ak pwosedi ki nan Regleman sa a.
- D. Sètifika ki montre manm estaf la, tankou estaf ki pa anseyan, resevwa enfòmasyon ak trening ki tabli nan seksyon V.E.

- E. Konfimasyon ke kalandriye a, lis prezans siye ak kopi tout materyèl trening yo pou dokimante trening estaf la chak ane jan Seksyon V.E a mande nan dosye lekòl la; ak
- F. Yon plan pou prevni ak abòde pwoblèm arasman, entimidasyon ak/oswa vyolans ki baze sou prejije.

VII. KONFIDANSYALITE

Se règleman DOE pou l respekte dwa prive tout moun ki konsène ak temwen nan rapò ki fèt dapre regleman sa a. Sepandan, yo dwe ekilibre nesese pou konfidansyalite dapre obligasyon pou kolabore avèk investigasyon lapolis, pou bay moun yo akize a tout dwa li genyen ak/oswa pou pran dispozisyon nesese pou envestige oswa pou rezoud plent lan. Kidonk, yo ka divilge enfòmasyon ki nan rapò a nan sikonstans ki apwopriye oswa jan lalwa mande sa oswa lè sa nesese pou pwoteje yon elèv ki sekirite l oswa byennèt li ki menase.

VIII. DEMAND RANSÈYMAN

Si w gen kesyon konsènan Règleman sa a, voye yo bay:

Office of School and Youth Development

NYC Department of Education

52 Chambers Street – Room 218

New York, NY 10007

Telefòn: (212) 374-6807

Facsimile: (212) 374-5751

RespectForAll@schools.nyc.gov

Kowòdonatè Tit IX

Title IX Inquiries@schools.nyc.gov

Telefòn: 718-935-4987



**REZIME DISKRIMINASYON YO ENTÈDI AK ARASMAN KI FONDE SOU PREJIJE, ENTIMIDASYON
AK/OSWA VYOLANS**

Se règleman Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (*New York City Department, DOE*) pou l kenbe yon anviwònman aprantisaj ak edikasyon ki gen sekirite ak ki ankourajan, kote elèv pa fè diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa vyolans kont lòt elèv sou baz ras, koulè, nasyonalite orijin, kwayans, etnisite, kondisyon imigrasyon, relijyon, sèks, idantite sèks, fason moun eksprime sèks, preferans seksyèl, andikap oswa gwosè. Diskriminasyon, arasman, entimidasyon ak/oswa vyolans sa yo se kondyuit yo p ap aksepte ni tolere nan lekòl, pandan elèv nan lokal lekòl la, nan pwogram lekòl la patwone, oswa pandan yo nan otomobil DOE finanse ak nan lòt lokal ki pa lokal lekòl la lè moun kapab demontre konpòtman sa yo deranje oswa parèt yo ka deranje pwosesis edikasyon an, oswa yo kapab mete sante, sekirite, moralite oswa byennèt kominote lekòl la an danje. Y ap pran mezi disiplin apwopriye kont elèv yo jwenn ki koupab nan vyole règleman sa a dapre **Kòd Disiplin lan ak Règleman Chanselye A-443**. Tanpri al gade **Règleman Chanselye A-831** pou plent sou arasman seksyèl kamarad fè sou lòt kamarad.

Sa nou mete pi ba a la pou sèvi kòm gid pou ede estaf ak elèv idantifye konpòtman ki baze sou prejije.

Sitiyasyon sitwayènte/imigrasyon: sitiyasyon imigrasyon reyèl oswa aparant kòm yon sitwayen lòt peyi ki pa Etazini.

Andikap: Andikap reyèl oswa aparant, oswa istwa andikap. Tèm "andikap" vle di (a) yon pwoblèm fizik, mantal oswa medikal ki soti nan yon kondisyon anatomik, fizyolojik, jenetik oswa newolojik ki anpeche egzèsis nòmal fonksyon kò an oswa ki ka demontre atravè teknik dyagnostik laboratwa oswa teknik klinik yo aksepte nan domèn medikal; oswa (b) yon dosye pwoblèm sa yo; oswa (c) yon kondisyon lòt moun konsidere tankou yon defisyans..

Ras/orijin nasyonal: orijin oswa idantite etnik nasyonal reyèl oswa aparant. Orijin nasyonal diferan avèk ras/koulè oswa relijyon/kwayans paske moun ki soti nan divès ras ak relijyon oswa ansèt yo kapab soti nan yon menm nasyon. Tèm "orijin nasyonal" gen ladan manm tout gwoup nasyon ak gwoup moun ki gen ansèt, eritaj, oswa desandans an komen; li gen ladan tou moun ki marye oswa asosye avèk yon moun oswa plizyè moun yon orijin nasyonal an patikilye.

Sèks (gason/fi): sèks reyèl oswa aparant, gwosès, oswa kondisyon ki gen rapò avèk gwosès oswa fè pitit. Entèdiksyon kont diskriminasyon dapre sèks gen ladan arasman seksyèl.

Tèm "sèks" la genyen ladan yon sèks reyèl oswa aparant yon moun oswa idantite sèks ak fason moun eksprime sèks, ki vle di pwòp imaj yo, aparans, konpòtman, fason moun eksprime, oswa lòt sèks-



karasteritik ki gen rapò avèk yo, kèlkeswa sèks yo di moun nan genyen lè li te fèt. Diskriminasyon sèks genyen ladan men li pa limite ak itilizasyon non oswa pwonon nan yon fason ki fè diskriminasyon (tankou fè eksprè itilize yon pwonon ki pa konsistan avèk idantite seksyèl elèv la di li ye nan lekòl la oswa lòt pwogram oswa aktivite DOE).

Ras/Koulè: ras oswa koulè reyèl oswa aparant. Ras gen ladan trè ki asosye dapre listwa avèk yon ras, tankou, tip cheve ak estil kwafi diferan. Estil kwafi diferan gen ladan, pami lòt, kwafi penyen titrès, cheve mèch ak rasta (locks).

Relijyon/Kwayans: relijyon oswa kwayans reyèl oswa kwayans (ansanm kwayans fondamantal, kit se relijyon oswa lòt bagay).

Oryantasyon seksyèl: oryantasyon seksyèl reyèl oswa aparant. Tèm oryantasyon seksyèl vle di yon atirans fizik oswa seksyèl, womantik aparant oswa reyèl, pou lòt moun, oswa yon mank bagay sa yo, sou baz sèks. Gen yon pakèt oryantasyon seksyèl ki egziste, ladan yo, etewoseksyalite, omoseksyalite, biseksyalite, aseksyalite, panseksyalite.

Gwosè: Gwosè aktyèl oswa aparant.